

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sacara lahiriah unggal siswa miboga kamampuh pikeun maca, nulis, ngaregepkeun, tur nyarita. Dina kanyataanana teu sakabéh siswa miboga kamampuh anu alus dina éta kaopat aspék kaparigelan basa, hususna basa Sunda. Salah sahiji hal anu ngalantarankeunana nyaéta kurangna pangaweruh siswa dina nyangkem kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda. Kurangna pangaweruh siswa dina nyangkem kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda kiwari geus jadi masalah anu gedé pikeun umumna sakola-sakola nu aya di sabudeureun Jawa Barat. Padahal nu ku urang katitén yén Gubernur Jawa Barat ngaluarkeun Peraturan Daerah Jawa Barat No 5 taun 2003 ngeunaan *Pemeliharaan Bahasa, Sastra dan Aksara Daerah, yang menétapkan bahasa Daérah antara lain bahasa Sunda diajarkan di pendidikan dasar di Jawa Barat*; hartina basa Sunda téh wajib diajarkeun ti mimiti TK nepi ka SMA tur dirojong ogé ku ayana Surat Keputusan jeung Surat Edaran Gubernur Jawa Barat No 423/2372/Set-disdik ping 26 Maret 2013 ngeunaan *Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa Daerah pada Jenjang Pendidikan SD/MI, SMP/M.Ts., SMA/SMK/MA* anu ditujukeun ka Kapala Dinas Pendidikan Kabupaten/Kota sa-Jawa Barat jeung ka Kepala Kantor Kementrian Agama Kabupaten/Kota sa-Jawa Barat.

Kondisi pangajaran basa Sunda di Kota Bandung sorangan kiwari kurang nyugemakéun, katitén boh dina hasil ulangan harian boh dina ujian ahir sakola anu meunang nilai alus téh tara leuwih ti sapertilu tina jumlah murid sakelasna, padahal Bandung téh puseur pamaréntahan Jawa Barat. Réa guru basa Sunda nu nyebutkeun yén kurangna kamampuh siswa dina ngagunakeun basa Sunda. Ieu hal téh salah sahiji faktorna disababkeun ku pemeroléhan basa indungna (B1) lain basa Sunda. Salah sahiji contona baé, tina data anu dicangking di SMP Negeri 15

Bandung taun ajaran 2013-2014 aya 29,24% siswa kelas VII anu teu bisa nyarita ngagunakeun basa Sunda balukar tina B1-na lain basa Sunda téa, sarta jumlah perséntase pangréana aya di kelas VII-D nyaéta 50%, sakumaha anu diwincik dina tabél ieu di handap.

Tabél 1.1
Tabél Kamampuh Siswa dina Nyarita Ngagunakeun Basa Sunda
SMPN 15 Bandung Taun Ajaran 2013-2014

Kelas	Kasang Tukang		Jumlah Nu teu bisa basa Sunda	Jumlah Siswa/kelas	Perséntase Jumlah nu teu bisa basa Sunda
	Lain Urang Sunda	Urang Sunda			
VII-A	4	7	11	34	32,35%
VII-B	3	10	13	34	38,23%
VII-C	5	3	8	34	23,53%
VII-D	5	12	17	34	50%
VII-E	4	3	7	34	20,58%
VII-F	1	9	10	34	29,41%
VII-G	2	7	9	34	26,47%
VII-H	2	3	5	34	14,70%
VII-I	4	5	9	35	25,71%
VII-J	-	11	11	35	31,42%
JUMLAH	30	70	100	342	29,24%

(Sumber: Observasi ka siswa kelas VII SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2013-2014)

Nurutkeun Tarigan (2011, kc. 13) salah sahiji tujuan dina pangajaran basa téh nyaéta siswa bisa nyangkem atawa mampuh ngawasa kana opat aspék kaparigelan basa. Antara hiji aspék silih pakait jeung aspék séjénna. Panyatur nu hadé bisa méré conto pikeun diturutan ku paregep anu hadé, sedengkeun paregep nu hadé bisa nuliskeun naon-naon anu diregepkeunana. Sarta tulisanana bisa dibaca tur mangpaat pikeun jalma séjén. Éta hal bakal lumangsung kalayan anu dipikaharep lamun dirojong ku euyeubna pangaweruh siswa kana kandaga kecap dasar, lantaran kualitas kaparigelan basa hiji jalma dipangaruhan ku kuantitas jeung kualitas kandaga kecap anu dicangkemna. Hartina, beuki loba tur beuki alus

pangaweruh kandaga kecap dasar basa Sunda hiji siswa tangtu mangaruhan kana prosés diajar basana sarta kamampuh dina nyangkem opat aspék kaparigelan basa.

Dumasar kana masalah anu diébréhkeun di luhur, digunakeunana B1 anu lain basa Sunda jadi cukang lantaran héngkérna pangaweruh kandaga kecap dasar basa Sunda siswa-siswa di sakola-sakola di kota Bandung hususna dina mangsa kiwari. Pikeun narékahanana diperlukeun ayana pangajar anu rancagé sarta modél-modél pangajaran anu éféktif pikeun pangajaran basa Sunda di SMP, utamana modél pangajaran anu bisa nambahan pangaweruh siswa kana kandaga kecap basa Sunda anu ngawengku kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) saperti: istilah-istilah pancakaki, ngaran-ngaran babagian awak, kecap sulur, kecap bilangan poko, kecap pagawéan poko, kecap kaayaan poko, sarta parabot sacara universal. Kiwari, lobana siswa SMP anu teu bisa nulis jeung nyarita maké basa Sunda téh salah sahijina dilantarankeun ku héngkérna kuantitas jeung kualitas kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda anu dikawasana.

Saméméhna geus aya panalungtikan ngeunaan ieu hal, nyaéta skripsi karya Dewi Yuliani (2012) anu judulna “Modél *Memorization (Mnemonic)* pikeun Ngaronjatkeun Pangaweruh Léksikon Siswa Kelas XI SMA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA 9 SMA Negeri 3 Bandung Taun Ajaran 2011/2012)”. Béda ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu saméméhna nyaéta dina jenjang sakola pikeun SMP, sedengkeun panalungtikan saméméhna dilaksanakeun di SMA. Lian ti éta ogé, dina modél anu dipaké ku panalungtik tangtu béda jeung modél saméméhna. Dina ieu modél, salian ti siswa bisa nambahan pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda ogé bisa ngarti tur surti atawa nyangkem kana éta kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda, anu ahirna bener ngalarapkeunana dina nulis kalimah tur merenah dina cumarita sapopoéna. Salian ti éta, panalungtikan séjén ngeunaan ieu modél pangajaran téh nyaéta tesis karya Anggi Citra Apriliana (2012) judulna “Pengaruh Model Induktif Kata Bergambar (*Picture Word Induktif Model*) Terhadap Keterampilan Membaca dan Menulis Permulaan Siswa Kelas II SD

Negeri Sirnagalih Kecamatan Jatinangor Kabupaten Sumedang”. Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun yén model induktif kata bergambar gedé pangaruhna pikeun ningkatkeun kaparigelan maca jeung nulis siswa kelas II SDN Sirnagalih, lantaran dibéré stimulus kecap-kecap dasar anu dideudeulan ku gambar-gambar.

Dumasar kana masalah di luhur, panalungtikan “Modél *Induktif Kata Bergambar* Pikeun Ngaronjatkeun Pangaweruh Kandaga Kecap Dasar (*Basic Vocabulary*) Basa Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2013-2014)”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi Masalah

Dina pangajaran kaparigelan basa Sunda (ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis) anu jadi masalah utama nyaéta ayana anggapan siswa yén diajar basa Sunda téh hésé. Salian ti éta, kurangna pangaweruh siswa kana kandaga kecap dasar basa Sunda ogé jadi masalah kana lumangsungna pangajaran basa Sunda, Ku kituna ieu panalungtikan téh, museurkeun objék panalungtikanana kana modél *induktif kata bergambar* dina ngaronjatkeun pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda. Kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) ngawengku istilah-istilah pancakaki, ngaran-ngaran babagian awak, kecap gaganti, kecap bilangan poko, kecap pagawéan poko, kecap kaayaan poko sarta ngaran barang-barang sacara universal. Ieu panalungtikan, leuwih museurkeun kana ngaronjatkeun pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda istilah ngaran-ngaran babagian awak, kecap pagawéan poko, kecap kaayaan poko, jeung ngaran barang-barang sacara universal ka siswa kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2013-2014.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan téh dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda siswa kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2013-2014 saméméh ngagunakeun modél *induktif kata bergambar*?
- b. Kumaha pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda siswa kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2013-2014 sabada ngagunakeun modél *induktif kata bergambar*?
- c. Naha aya béda anu signifikan pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda siswa SMP kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2013-2014 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *induktif kata bergambar*?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku kana tujuan umum jeung tujuan husus, nyaéta sakumaha anu dipedar ieu di handap.

1.4.1 Tujuan Umum

Sacara umum dilaksanakeunna ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nguji kaéféktifan modél pangajaran basa anu bisa dilaksanakeun di sakola-sakola utamana dina pangajaran basa Sunda.

1.4.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- a. pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda siswa kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2013-2014 saméméh ngagunakeun modél *induktif kata bergambar*;
- b. pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda siswa kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2013-2014 sabada ngagunakeun modél *induktif kata bergambar*; sarta

- c. bédana pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda siswa kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2013-2014 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *induktif kata bergambar*.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sakumaha anu dipedar ieu di handap.

1.5.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré pangdeudeul pikeun élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran basa jeung sastra Sunda pikeun ngaronjatkeun pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda siswa kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2013-2014.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktisna, ieu panalungtikan téh bisa mangpaat pikeun guru, sarta pikeun peserta didik.

1) Pikeun Guru

Mangpaat anu bisa dihontal ku guru nyaéta, pikeun nambahan kabeungharan modél pangajaran basa Sunda, sarta bisa jadi salah sahiji alternatif modél pangajaran anu bisa digunakeun di kelas.

2) Pikeun Peserta Didik

Pikeun peserta didik ieu panalungtikan téh bisa jadi modél atawa cara diajar anu ngirut ati sangkan peserta didik kamotivasi pikeun terus diajar ngaronjatkeun pangaweruh kandaga kecap dasar dina pangajaran basa Sunda.

1.6 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Bab I mangrupa bubuka anu eusina ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang tina masalah anu baris ditalungtik, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan dina ieu skripsi.

Bab II mangrupa bagian skripsi anu ngébréhkeun ngeunaan tatapakan tiori jeung rangkéy tiori anu digunakeun dina panalungtikan, raraga mikir sarta hipotésis tina panalungtikan anu dilaksanakeun.

Bab III mangrupa bagian skripsi anu ngébréhkeun ngeunaan métodologi anu digunakeun dina ieu panalungtikan, boh jenis métode panalungtikan boh cara prak-prakan ngolah data tina hasil panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, sarta wangenan oprasional.

Bab IV mangrupa bagian skripsi anu ngébréhkeun ngeunaan prak-prakan panalungtikan, analisis data hasil panalungtikan, jeung medar modél *induktif kata bergambar* pikeun ngaronjatkeun pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*) basa Sunda.

Bab V mangrupa bagian panutup tina skripsi anu ngébréhkeun ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan sarta saran pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.